

# Felisitasyon!

## Ou plis ke nan mwatye wout la!



### Ou gen kesyon?

**Tanpri mande.** Si ou itilize MyChart, tanpri rele nou pou nou diskite nenpòt enkyetid ou genyen sou ti bebe a, swen gwosès ou oswa sentòm ou genyen. MyChart ta dwe itilize pou mesaj ki pa ijan paske li se sèlman tcheke chak 24-48 èdtan. Pa rete tann pou jwenn konsèy sante ou bezwen an.

### Ou ka toujou jwenn founisè swen sante sou- apèl 24 èdtan pa jou.

Manm ekip nou an ap reponn nenpòt kesyon enpòtan sou gwosès ou ki pa ka rete tann jiskaske lè biznis yo. Jis rele nimewo prensipal sant swen ou an epi asire ou di nou ou ansent. Ou pral jwenn apèl yon founisè swen sante ki ka ede ak bezwen spesifik ou. Si ou pa tande nou nan 15 minit, tanpri rele ankò.

### Pou prepare pou nesans ti bebe w la, tanpri revize enfòmasyon enpòtan ki annapre yo:

#### Frekans vizit anvan akouchman w yo pral chanje:

- Pou chak 2 semèn lè w rive nan 28-36 semèn
- Chak semèn apre 36 semèn

**Fòm absans medikal:** If you need Medical Leave forms completed for your employer, please bring them to your next prenatal visit. Please allow us ample time to complete and return them to you.

**Reprezantan Swen Sante:** Ou dwe chwazi yon moun ki ka pran desizyon medikal pou ou nan ka kote ou pa ka pran desizyon pandan sejou w nan lopital la. W ap jwenn yon fòm Reprezantan Swen Sante nan pake sa. Tanpri konplete fòm nan epi pote l nan youn nan vizit avan akouchman ki gen pou vini yo.

**Swen pedyat:** Li enpòtan pou w chwazi yon doktè pou ti bebe a pou yo ka konsilte l lè li fin fèt. CHA gen bon pedyat ak doktè pou fanmi e ou ka jwenn plis enfòmasyon sou yo nan feyè ki enkli a. Ou ka rele Sèvis Chache Doktè nou an nan 617-665-1305 pou ede w jwenn yon doktè pou ti bebe w.

**Chèz Machin pou Timoun:** Obligatwa lè w ap soti nan lopital la nan yon machin (pèsònèl oswa taksi).

**Vaksen TDaP:** Yo pral ba w konsèy sou enpòtans pou w pran vaksen sa a lè w ansent. Tanpri li enfòmasyon ki nan anvlòp la.

**Edikasyon sou nesans timoun:** Nou bay pasyan nou yo kou gratis sou nesans timou. Tanpri li enfòmasyon detaye ki nan anvlòp la epi rele nimewo ki afiche a pou w enskri pou kou a si w bezwen.

**Planin pou apre akouchman:** Yo pral ba w konsèy sou planin ki disponib pou ou lè w fin akouche.



AFFILIATED WITH

